



Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KAD PANDEMI COVID-19 KI ANKO A, GOUVÈNÈ CUOMO METE AKSAN SOU DIREKTIV ADISYONÈL POU KILÈ REJYON YO KA RE-OUVRI

Eta a ap kontwole kat faktè prensipal pou detèmine si yon rejyon ka re-ouvri: Kantite nouvo enfeksyon, kapasite swen sante, kapasite tèl dyagnostik ak kapasite trasaj kontak

Mete aksan sou nouvo prekosyon sekirite chak biznis dwe mete anplas pou re-ouvèti a

Yo te teste plis pase yon milyon moun New York pou COVID-19 jiska jodi a

Gad Nasyonal New York la te fè apeprè 300,000 kit tèl pou preleve echantiyon

Anonse enskripsyon espesyal nan mache a ap rete ouvri jiska 15 jwen 2020

Konfime 2,538 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 318,953; gen nouvo ka nan 45 Konte

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mete aksan jodi a sou direktiv adisyonèl pou lè rejyon yo ka re-ouvri. Eta a ap kontwole kat faktè prensipal pou detèmine si yon rejyon ka re-ouvri:

- **Kantite nouvo enfeksyon:** Dapre enstriksyon ki soti nan CDC a, rejyon yo dwe genyen yon diminisyon nan kantite moun ki entène ak moun ki mouri nè pandan omwen 14 jou sou yon mwayèn mobil 3 jou. Nan rejyon ki pa gen anpil ka COVID yo, rejyon an pa ka depase 15 nouvo moun ki entène nè oubyen 5 nouvo mò sou yon mwayèn mobil 3 jou. Pou jere pwopagasyon potansyèl enfeksyon an nan yon rejyon, yon rejyon dwe genyen mwens pase de nouvo pasyan COVID ki admi pa 100,000 rezidan pa jou.
- **Kapasite swen sante:** Chak rejyon dwe genyen kapasite swen sante pou jere yon ogmantasyon ka potansyèl. Rejyon yo dwe genyen omwen 30 pousan kabann lopital ak swen entansif ki disponib. Sa asosye ak nouvo egzijans pou lopital yo genyen omwen 90 jou ekipman pwoteksyon pèsonal ki estoke.
- **Kapasite tèl dyagnostik:** Chak rejyon dwe genyen kapasite pou fè 30 tèl dyagnostik pou chak 1,000 rezidan pa mwa. Eta a ap ogmante kapasite a rapidman nan tout eta a pou ede tout rejyon yo atenn limit sa.
- **Kapasite trasaj kontak:** Rejyon yo dwe genyen yon baz referans 30 trasè kontak pou chak 100,000 moun, ak lòt trasè anplis sou baz kantite ka ki prevwa

nan chak rejyon. Eta a ap konstui aktyèlman yon lame trasè kontak ak Majistra Bloomberg pou reponn ak bezwen chak rejyon nan tout eta a.

Gouvènè Cuomo te mete aksan tou sou ki sektè ak biznis ki ka ouvri nan chak faz nan plan re-ouvèti eta a. Biznis ki konsidere "pi esansyèl" ki gen risk ki pi ba pou gen enfeksyon nan espas travay la ak pou kliyan yo ap gen priorite, answit ap gen lòt biznis ki konsidere "mwens esansyèl" oswa sila ki prezante plis risk pou pwopagasyon enfeksyon. Rejyon yo pa dwe ouvri espas atraksyon oswa biznis ki ta atire yon gwo kantite vizitè ki soti andeyò zòn lokal la.

Gouvènè a te mete aksan tou sou nouvo prekosyon sekirite ke chak biznis dwe mete anplas pou re-ouvèti a pou ede diminye risk pwopagasyon viris la. Biznis yo ap gen obligasyon pou:

- Ajiste orè travay ak fòmasyon ekip yo jan li nesèsè pou diminye dansite nan plas travay la;
- Adopte pwotokòl distans sosyal;
- Limite depasman ki pa esansyèl pou anplwaye yo;
- Egzije tout anplwaye ak kliyan yo mete mask si yo an kontak souvan ak lòt moun;
- Aplike règleman netwayaj ak sanitasyon estrik;
- Adopte yon pwosesis depistaj sante kontini pou moun ki antre nan plas travay la;
- Kontinye lokalize, swiv epi repòte ka yo; epi
- Devlope pwosesis ki fyab.

Gouvènè a te anonse tou yo te teste plis pase yon milyon Moun New York pou COVID-19 jiska jodi a.

Gouvènè a te anonse tou Gad Nasyonal New York la te fè apeprè 300,000 kit tès pou prelve echantiyon, kote yo te voye 60,000 ladan yo nan laboratwa ak lopital atravè Eta New York.

Gouvènè a te anonse tou peryòd enskripsyon espesyal atravè Mache Plan Sante Eta NY la k ap rete ouvè jiska 15 jwen 2020.

"Pandan n ap kontinye diminye pwopagasyon COVID-19 la, nou ka kòmanse konsantre sou re-ouvèti a, men nou dwe fè atansyon epi itilize enfòmasyon nou te aprann pou nou pa efase pwogrè nou te deja fè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Re-ouvèti a p ap fèt nan tout eta a an menm tan - New York genyen plizyè rejyon e rejyon sa yo gen sikonstans diferan, donk olye nou tann pou tout eta a prepare pou re-ouvri, nou pral analize sitiyasyon an sou yon baz rejyonal. N ap analize si yon rejyon ka re-ouvri sou baz kat faktè - kantite nouvo enfeksyon, kapasite swen sante, tès dyagnostik ak trasaj kontak - e n ap kontinye kontwòle faktè sa yo pandan tout pwosesis re-ouvèti a pou anpeche yon dezyèm vag viris la epi pwoteje sante ak sekirite Moun New York yo."

Finalman, Gouvènè a te konfime 2,538 ka kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 318,953 ka konfime nan Eta New York. Nan total 318,953 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|--------------|----------------------|----------------------|
| Albany | 1,287 | 29 |
| Allegany | 35 | 0 |
| Broome | 334 | 7 |
| Cattaraugus | 53 | 0 |
| Cayuga | 51 | 0 |
| Chautauqua | 37 | 1 |
| Chemung | 126 | 1 |
| Chenango | 100 | 1 |
| Clinton | 68 | 2 |
| Columbia | 213 | 4 |
| Cortland | 28 | 0 |
| Delaware | 62 | 1 |
| Dutchess | 3,131 | 45 |
| Erie | 3,802 | 92 |
| Essex | 29 | 0 |
| Franklin | 16 | 1 |
| Fulton | 84 | 2 |
| Genesee | 159 | 4 |
| Greene | 154 | 3 |
| Hamilton | 3 | 0 |
| Herkimer | 63 | 1 |
| Jefferson | 63 | 1 |
| Lewis | 9 | 0 |
| Livingston | 85 | 2 |
| Madison | 217 | 66 |
| Monroe | 1595 | 29 |
| Montgomery | 56 | 0 |
| Nassau | 36,965 | 185 |
| Niagara | 493 | 19 |
| NYC | 175,651 | 1,320 |
| Oneida | 550 | 61 |
| Onondaga | 971 | 19 |
| Ontario | 96 | 1 |
| Orange | 9,015 | 48 |
| Orleans | 97 | 0 |
| Oswego | 67 | 1 |
| Otsego | 67 | 0 |
| Putnam | 1,026 | 13 |
| Rensselaer | 337 | 15 |

| | | |
|--------------|--------|-----|
| Rockland | 12,095 | 70 |
| Saratoga | 367 | 4 |
| Schenectady | 535 | 8 |
| Schoharie | 45 | 0 |
| Schuyler | 7 | 0 |
| Seneca | 45 | 0 |
| St. Lawrence | 178 | 1 |
| Steuben | 219 | 1 |
| Suffolk | 35,077 | 222 |
| Sullivan | 976 | 25 |
| Tioga | 90 | 0 |
| Tompkins | 129 | 0 |
| Ulster | 1,354 | 13 |
| Warren | 192 | 4 |
| Washington | 188 | 2 |
| Wayne | 76 | 1 |
| Westchester | 30,097 | 213 |
| Wyoming | 69 | 0 |
| Yates | 19 | 0 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)